ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№147 (24.117) ● 2020 гъэм дыгъэгъаз эм (декабрым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

МахуэшхуэмкІэ йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым ди республикэм щыпсэуэхэм щехъуэхъуащ Хэкум и лІыхъужьхэм я махуэм къыхэкІы.

«ДЭ ЯХУЭФЭЩЦЭН пщІэ яхудощ Хэкум псэемыблэжу хуэлэжьа ди яп ятахэм я лІыхъужьыгъэм, догъэльапІэ хахуагъ ин зыхэлъ, дыщалъхуа щІыпІэм, цІыхугъэ лъагэм, мамырыгъэм, къэралым щыпсэуэхэм я зІуэзэпэщыныгъэм папщІэ Іуэху къыззрымыкІуэхэр зэфІэзыгъэкІыу нобэ псоуэхэр.

ЛІыхъужьхэр сыт щыгъуи щапхъэ яхуэхъунущ Хэкур фІыуэ лъагэныкІэ, ди бынхэмрэ къытщІэхъуэ щэбэлэмрэ я гуаэзу щытынущ. МахуэшхуэмкІэ сынывохъуэхъу!», - дыкъышцоджэ КІуэкІуэ Казбек и тхыгъэм.

КЪЭХЪУН Бэч.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэм (2019-nCoV) щыпсэщІэтыным нэгъэсауэ хуэхъэзырыным и хабзэр щыгъэзывыным икІи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІауэ лэжьыпхъэхэр адэкІи зэфІэзгъэкІыным и Іуэхугъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэм (2019-nCoV) щыпсэщІэтыным нэгъэсауэ хуэхъэзырыным и хабзэр щыгъэзывыным икІи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІауэ лэжьыпхъэхэр адэкІи зэфІэзгъэкІыным и Іуэхугъэ».

«6.1. ЩыхуэкІ куэду зыщагъэпсэху щІыпІэхэм я Іуэхущапфэхэр щезыгъэжьхуэкІ Іэнатіэхэмрэ щхьэзэкъуэ хъурычэтыщІэхэмрэ:

а) пІалъэкІэ щыпсэункІэ, жылагъуэр гъэшхэныжькІэ Іуэхутхьбзэхэр зыгъэзащІэхэм, - щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэр (2019-nCoV) пІалъэкІэ щыпсэункІэ (хьэщІэщхэмрэ нэгъуэщІ егъэзыпІэхэмкІэ) кьыззэыгъэпэщ Іэнатіэхэм къыщыжьыгъэжьыжьыкІэ Потребителхэм я хуитныныгъэхэмрэ щІыхуэхэм я зІуэзэпэщныгъэмрэ хъумэныжькІэ федеральнэ щыналъэм 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-мрэ COVID-19-м зыщыубгъу лъэхъэнэм жылагъуэр гъэшхэныжькІэ лэжьыгъэхэр кьызэгъэпэщыным ехьэлІауэ 2020 гъэм накъыгъэм и 30-мрэ къыдигъэкІа и чэнджэщхэр гъэззщІэныжькІэ Іуэхугъуэхэр зэфІэгъэкІын;

б) спорт Іэмэпсымэхэр пІалъэкІэ етыныжькІэ Іуэхутхьбзэхэр зыгъэзащІэ Іэнатіэхэм, - дезинфекцэ зэращІ Іэмалхэр къагъэсбэнурэ зэщІалъэсэн: зэхуэдзу къагъэсбэн щІыпІэ псоми я щхьэфэхэр - сыхьэти 2 кьэс 1 нэхъ мыхъуми, зэхуэдзу къагъэсбэн псэуалъэхэр - сыхьэти 4 кьэс 1 мынэхъ мащІэу, спорт Іэмэпсымэхэр - пІалъэкІэ щат щІыпІэм зэблэкІыгъуэм щыщІидзэмрэ кьыщратыж кьэскІэрэ;

в) кІапсэ гъуэгуэм щІыхуэр щхьэщэхІныныжькІэ Іуэхутхьбзэхэр щызыгъэзащІэхэм, - къызэрагъэпэщын:

кІапсэ гъуэгуэм кьыззэрыщрашэжькІ кабинэхэм пассажирэр ирагъэхьэныр ирагъэжькІын, абыхэм щхьэзэкъуэ зыхъумэжьныгъэмкІэ Іэмалхэр (гигиенэ маскэхэр, респираторхэр) зэрахьэмэ;

дезинфекцэ зэращІ Іэмалхэр къагъэсбэнурэ зэщІалъэсэн: зэхуэдзу къагъэсбэн щІыпІэ псоми я щхьэфэхэр - сыхьэти 2 кьэс 1 нэхъ мыхъуми, зэхуэдзу къагъэсбэн псэуалъэхэр, кІапсэ гъуэгуэм и кабинэхэр - сыхьэти 4 кьэс 1 мынэхъ мащІэу;

кІапсэ гъуэгуэм я кабинэхэм сыт щыгъуи жьы кьабзэ ихьэу, техникэ шынагъуэншагъэмкІэ уэхуэныгъэхэм (техникэ Іэмал иІэмэ) зэран хуэмыхъуу.»

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъаз эм и 7-м
№161-УГ

ФІэкІыпІэнщэ медицинэ страховани эм ипкъ иткІэ лажьэ медицинэ Іуэхущ ІапІэхэм я реестрым медицинэ Іэнатіэр зэрыхагъэхьамкІэ хъыбар зэрырагъащІэ пІалъэр гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэм зэрызыщыубгъум къыхэкІыу, «ФІэкІыпІэнщэу медицинэ страховани Урысей Федерацэм щыщІыным и Іуэхугъэ» 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м къыдэкІа Федеральнэ законым и 15-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. ЩІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыцІалэр кьаухутэныгъэ гъэхъужьныжькІэ 2020 е 2021 гъэхэм фІэкІыпІэнщэ медицинэ страховани ипкъ иткІэ Іуэхутхьбзэхэр зыщІэну медицинэ Іэнатіэхэр, ФІэкІыпІэнщэ медицинэ страховани ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэ фондым фІэкІыпІэнщэ медицинэ страховани ипкъ иткІэ лажьэ медицинэ Іуэхущ ІапІэхэм я реестрым медицинэ Іэнатіэр зэрыхагъэхьамкІэ хъыбар зэрырагъащІэ пІалъэр 2020 е 2021 гъэхэм зэрызэкІэлыкІуэу гъэувыным 2020 гъэм дыгъэгъаз эм и 25-м пщІондэ убзыхун.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъаз эм и 7-м
№162-УГ

● Гъуэгу къежьапІэ

ЩІалэгъуалэ палатэм и ебланэ зэхуэсым илъэсыщІэм лэжьэн щІедзэ

ЩІалэгъуалэ палатэм и ебланэ зэхуэсым хьыхьэнухэм я хэдзэныкъуэхэр иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щекІуэкІащ. Дунейр зэщІэзыщта узыфэм и ягъэкІэ, зэІуэщІэр видеоІэмалхэмкІэ кьыззэрагъэпэщри, махуиплІкІэ екІуэкІащ. Хэдзэныкъуэхэм щыІуэ 60-м щигъу хэтащ.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ палатэм хьыхьэнухэм я кьыхэхыныр зи пщэ дэлъар Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и кьудамэм и депутатхэрщ. Кьыззэрагъэпэща Хэдзэныкъуэхэр гуэным хэтащ щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я Іэжьакіуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхуэхэр егъэджэныжьмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и министерствэм и Іэщіагъэлізхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр.

ЩІалэгъуалэ палатэм хьыхьэну зыкъэзыгъэпэлъэгъуэхэм яІущІащ, я Іуэху еплъыкіэхэр зригъащІэу, упщІэ зэмылІэужьныгъуэхэмкІи зэхуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**. Абы кьыхигъэщащ гупыр зэрарбзыхуэ хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэ зыжьканэ зэрыхалъхьар. Псалъэм папщІэ, палатэм зыкъыщызыгъэлъагъуэу щІыхуэм и ныжьыр илъэс 35-м фІэкІ хъунукъым, кьищынэмыщІауэ, абы и бжьыгъэр щІыхуэ щэ ныкъуэм ныззрихьэсынущ.

- Лэжьыгъэшхуэ кьытпащытыщ, - жиІащ Егоровэм, - къэтщтэну унафэхэри зэпэшэчауэ щытын хуейщ. Си гуапэщ ЩІалэгъуалэ палатэм хуаІэ гулъытэр зэрымыужьыхыр, кІуэ пэтми абы и пщІэм зэрызиІэтыр. Сыщогугъ ебланэу зэхьыхьэну Гупым и лэжьыгъэм хэша хъуну ныжькІыщІэхэм хэлъэ яІэну, жану щытыну, зыпэрыуэну Іэнатіэм пыпІ жэуаплныгъэр зэрымымащІэр къагурыуэу, абдеж унафэу кьыщащтэнур ди жылагъэм ифІ зыхэлъэ и щхьэпэ кьызыхьэкІыу ягъэпсыну. Нэхъапэкіэ лэжьа зэхьихьэгъэхэм кьакІэрымыхуу, уеблэмэ мы щІалэгъуалэм нэхъыбэж ахуэзфІэкІыну гугъапІэхэр худиІэщ.

Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкіэ и кьудамэм и унафэщІ **Емуз Нинэ** зэрыжиІамкІэ, ЩІалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм хьыхьэну хуейуэ пІэЛу тхылъхэр кьабГъэдэкІащ хэгъэгу икІи щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щІыналъхэм щІыпІэ унафэр щызэзыхьэ Іуэхущапіэхэм я щІалэгъуалэ кьудамэхэм я лэжьакіуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ партхэм я кьудамэхэм я лІыкІуэхэм, студент зэгухьэныгъэхэм, колледжэхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ щеджэхэм.

ЩІалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэм хьыхьэну хуей дэтхэнэ зыми Іэмал иІащ абы хэтыну щыхуейкІкІэ иІэ Іуэху еплъыкІэхэр Хэдзэныкъуэлъэ гупым и пащхьэ щыжиІэну, упщІэхэм жуаІэ яритыжьну, уеблэмэ Іуэхугъуэ лыкъыкІахэм я зэфІэхьыкІэ хъунум хуэгъэзауэ иІэ гупсысэхэр къИуэтэну. Ахэр удихьэхыу тепсэлъыхьащ щхьэж и хъуэпсапІэхэм, зыхущІэкъуу зытелажьэхэм, абыхэм ящыщу ЩІалэгъуалэ палатэм къаритыну Іэмалыр кьигъэсэбэпу утыкуцхэу ирахьэну зыхуейхэмя я гугъу ящІащ.

Хэдзэныкъуэлъэр зэфІэкІа нэужь, Парламентым хьэзыр ищынущ ЩІалэгъуалэ Палатэм и ебланэ зэхуэсым хэтыну зыхуагъэфэщахэм я цІэ-уэнэцІкэзэр зэрыт тхылъымпІэр. Ар хэІуцІыну щыхунущ хабзэгъуэм Іэнатіэм мы мазэм иригъэкІуэкІыну и зи чэзу зэІуцІэм.

ШУРДЫМ Динэ.

● Лъэпкъ проектхэр

Гъуэгухэр зэрагъэзэхуэж

«Шынагъуэншэ икІи фІагъ зиІэ автомобиль гъэзэгъэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм щаубзыхуа лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІащ.

ЩЫНАЛЪЭ мыхьэнэ зиІэ гъэзэгу километри 103-рэ зэрагъэпэщыжащ. Нэгъабэ яхуэзфІэкІам ар процент 46-кІэ щІегъуэ.

Километр 90 кьыззащІэзыубыдэ лэжьыгъэхэр щІыпІэ 18-м щекІуэкІащ. Гъуэгум телъхэр, бордюрхэр, псы щІэжьпІэхэр, кьэувыІэпІэхэр щІэуэ щызэрахъэкІар жылэхэр зэпызыщІэ гъуэгухэм я закъуэкъым, атІэ муниципалитетхэм я узрам нэхъыщхьэри ирагъэфІэкІуащ. ГъуэгущІэхэм я фІагъэр зэхащІащ ЩхьэлыкІуэ, Куба, Псынщахэ, Къущкъэтау, Урыху, Дей, Альтуд, Кьыщпэк, Лашкіутіа, Сэрмакъ, Псынабэ, Щэджэм, Дзэлыкъэкъуажэ, Псыгуэнсу дэсхэм.

ЩІынальэ гъуэгухэм я километр 13 щыпІищым щызэрагъэзэхуэжащ. Абыхэм хеубыдэ альпинист лагерым хуэзышІэ Бабугент - Безенги Іыхьэри. Мывэкіащхьэм и пІэкІэ я щІыпІэм асфальтрэ бетонрэ зэхэлъу тралъхащ.

Лъэпкъ проектхэр щагъэзащІэм гулъытэ хэха хуащІащ гъуэгухэм я шынагъуэншагъэм. Кьапщтэмэ, щІынальэ мыхьэнэ зиІэ щІыпІэу километр 22-рэ къагъэнэхуащ, километри 7-м кьыззрахуэхьажэр щызэрахъуэкІащ, лъэс зэпрыкІыпІэхэм светофор 50 щагъэуващ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Урысейпсо зэпеуэм

Балъкъэр хъыршынхэр нэхъыфІипщІым хабжэ

«Вкусы России» зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр иухащ. ЦІыхубэм я Іэзэным ипкъ иткІэ балъкъэр хъыршынхэр зи цІэр нэхъыбэрэ къраІуа нэхъыфІищІым яхьхащ.

АГРОПРОМЫШЛЕННЭ комплексым хъэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ зэрызыщаужьыным гу лърагъэтэн папщІэ кърахьажа зэпеуэм мы гъэм щэкІуэгъуэм и 19-м щІидзащ. Къэралым и щыналъэ 79-м щыщ Іуэхущапіэ 500-м щигъу абы хэтщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэпеуэм и унэтІныныгъэ зыбжанэм зыкъыщегъэльагъуэ. «Еплъи, уигу ирихьынщІ» Мыхьэм утыку къыщрахьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мыІэрысэхэр», «Адыгэ кхъуейр», «Балъкъэр хъыршынымрэ», «Дзэлыкъуэ кІэртІофыр», «Къэбэрдей-Балъкъэрым и нарзанхэр». Дауи, гулъытэншэ хъуакъым «Къэхъун помидорхэри». Ар щагъэлъэгъащ «Іэфыр гъуэгъущ» унэтІныныгъэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пащІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70; 40-34-32**.

Хабзэрэ Конституцэрэ

Геляхов Абдулэхь

УФ-м и Конституцэм ООН-м 1948 гъэм дыгъэгъаз эм и 10-м къабыл ищІауэ щыта Псоми зэдай декларацэм щыщ куэд кьищащ. ЦІыхум и хуитныныгъэр хъумэным лъабжьэ хуэхъуауэ кьэпльытэ хъунущ а дэфтэритІри.

УРЫСЕЙМ и Хабзэ Нэхъыщхьэм абы ипэкІэ щыІа къэралыгъэ конституцэхэм хэмытауэ, иджы щыуэкъуэдиящ къэралым щыпсэу нэрыбгэ щхьэхуэм и цІыхущхьэр гъэнэхъапэн зэрыхуейм дэтхэнэ цІыхуми къыдалъху и хуитныныгъэхэр пэбубыд зэрымыхъунмрэ. Абы къыщыгъэщІэрэщІэжащ цІыху щхьэхуэр зыхуей-зыхуитхэмрэ цІыхубэм и гукъыдэжхэмрэ зэрызэблагъэкІыпхэр, хабзэмрэ зэхуэдэныгъэмрэ зэзыгъэзэгъ Іэмалхэм тегъэщІапІэ яхуэхъу мардэхэр.

Иджыпей урысей конституцэр нэрыбгэ щхьэхуэмрэ къэралымрэ зэрызэбгъэдэтыпхъэм ехьэлІа Іуэхугъэм щытепсэлъыхькІэ, езы цІыхур япэ ирегъащІ икІи ар и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэхэм яІущ. А тегъэщІапІэр щыпэрытщ псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ гъащІэ Іыхьэм - цІыхур къэралым зэрыбгъэдэт щІыкІэм. Абы къикІыр зыщ: цІыхур къэралым и «Іэмэпсымэ джафэу» щытыпхъэхъым. А цІыхуращ езы къэралыр щІыщІэжьр, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, цІыхум къэрал къыщІызэригъэпэщыжьыр езыр зыхуей хуэзэн папщІэщ. Ар и тегъэщІапІэщ Псоми зэдай декларацэм и пэублэмэ. Абы жеІэ: «ЦІыху псори зыхихьыбыдэ унагъуэшхуэм щыщ дэтхэнэ зыми и пщІэм хьэтыр иІэн хуейщ, ар псоми зэхуэдэу кьыдалъху» икІи аращ лъабжьэ хуэхъур «хуитныныгъэм, захуагъэм, дунейпсо мамырыгъэм». ООН-м хьыхь къэралхэм я пщэ кьыдохуэу «цІыхуэр пщІэ зэхуащІу зэдэпсэуфын папщІэ, щхьэж зыхуитхэмрэ и хуитныныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ кьихъыжьмэным» еІэлІэну.

Зи гугъу тщІы тегъэщІапІэхэр Конституцэми хэуващ. Абы жеІэ: «ЦІыхур, ар зыхуитхэр, и щхьэхуитныныгъэхэрщ нэхъ лъапІэ дыдэу щыІэр». Къэралым и къалэнщ «цІыхуэр зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэмрэ я хьэтыр иІуагъэнымрэ, ахэр ихъумэныр, абыхэм кьару яритыныр» (УФ-м и Конституцэм и етІуанэ ст.). Адэкіэ кьыщыхощ цІыхуэр зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ «гъэззщІакІуэ хабзэгъэуэ Іэнатіэхэм и кьудамэхэми, щІыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэми зыщІагъэхъуэныр, ахэр зыхуей хуэза зэрымыхъуэ хейщІапІэхэр кІэльагъэпльныныр» къаззрытехуэр (УФ-м и Конституцэ, 18 ст.).

XIX лІэщІыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм политикэмрэ хуитныныгъэмрэ я теуухауэ екІуэкІа зэдауэ гуащІэхэм иужьыкІэ, УФ-м и Конституцэм тегъэщІапІэ нэхъыщхьэу иуващ дэтхэнэ цІыхуми ар зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ дунейм кьыщытехьэкІэ кьыззрыдалъхур. Абы и щыхьэту къоув Конституцэм къэралыгъуэм и цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ зэран яхуэхъу хабзэ кьыдагъэкІыныр зэримыдэр; къэралым ахэр дэтхэнэ зыми нэгъэсауэ кьригъэзэсбэпыну Іэмал иритныныр езым и пщэ зэрыдалъхьэжьр. Абыхэм щетхьэкъуэ кьэхъумэ, ар сыт щыгъуи кьыщыхъур зыгуэр езы Конституцэм игъэува мардэм, е ар зи тегъэщІапІэ къэралыгъуэ зэхэтыкІэм ебакъуэмащ, е адрей цІыхухэм я узынщагъэ, ахэр зыхуит, зыхуей-зыхуэфІхэм зэран яхуэхъуу кьалъытэмэщ. Апхуэдэу щыщыщтыр къэралыгъуэр хъума хъун, абы лей кьытемыхьэн папщІэщ. А Іуэхум хеубыдэ цІыхур зыхуитымрэ и щхьэхуитныныгъэмрэ мурад мыхъумыщІэкІэ кьагъэщъхьэпэныр яхуэмыдэнри. Апхуэдэм дежи Іэмал зэрыІэкІэ цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ хъума зэрыхъунум йолІапІэ. Псалъэм папщІэ, цІыхум и щІэм зыри ебгъэрыкІуэну зэрыхуимытыр; нэрыбгэ щхьэхуэм и гъащІэр, и унагъуэмрэ и щхьэмрэ епха щхэхуэр ихъуэнму зэрыхуитыр, щхьэхуитмрэ и щІэмрэ гъэльэхъшэныр захуагъэу кьыззримыльытэр Конституцэм и Іыхьэ щхьэхуэхэм яуэкъуэдий.

Хабзэрэ Конституцэкіэ а тегъэщІапІэм тетыным къикІыр кьагъэльэгъуэ: япэраущ, цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ къэралым и хьэтыркІэ гъэмэщІэныр кьеэзэгъыу кьэмыльытэным; етІуанэраущ, езы цІыхур и кьэгъэщІыгъэкІи, адрейхэм зэрадекІуэкІ щІыкІэмкІи, цІыху хэтыкІэкІи езыр-езыру мыхьэнэ зиІэж, хабзэ пыухыкІам зэгъэзэхуауэ тетыф псэущхьэ лъагэу зэрыщытыр кьабыл щІыным икІи абы щхьэхэт техуэу, езыр зыхуит, зи щхьэхуитныныгъэ, зи кьалэн зиІэж «цІыхубэ гъащІэм» зэрыщыщыр укъуэдииным; ещанэраущ, хьэтыр зиІэ дунейпсо организацэхэмрэ къэралхэм я нэхъыбэмрэ кьащтауэ, цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитныныгъэхэмрэ, абыхэм епхыжа кьалэнхэмрэ кьабыл зыщІ дуней зэхэтыкІэм Урысейри щыщу кьэлъытэным.

(КІэухыр 2-нэ напэм итщ).

Нобэрэ пщэдейрэ

Дыгъэгъаз эм и 10, *махуэку*

♦ЦІыхум и хуитныныгъэхэм я дунейпсо махуэщ. 1948 гъэм Пэлэпкъ Зэхъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм цІыхум и хуитныныгъэхэр щыубзыхуа, псоми я зэхуэдэ Декларацэр кьищтащ. 1950 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зэхуэсым унафэ кьыщащтащ илъэс хъэс дыгъэгъаз эм и 10-м а махуэр пэлъэпІэным теухуауэ.

♦Нобель и махуэщ (Нобель и саугъэтхэр зыхуаІэфэщахэм щратыж махуэщ). А саугъэтыр зряу щатар 1901 гъэрщ.

♦Футболым и дунейпсо махуэщ

♦Псэущхьэхуэхэм я хуитныныгъэхэм кьыщхьэщыжьыным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей МВД-м связыныкІэ и кьулыкъур кьыщызэрагъэпэща *(1949 гъэм)* **махуэщ**

♦Таиландым и Конституцэм и махуэщ

♦1768 гъэм Георг Ещанэм и унафэкІэ Ингкьылзым кьыщыззрагъэпэщащ Пащтыхьыгъуэм художествэхэмкІэ и академиер.

♦1930 гъэм Ханты-Мансийскэ, Эвенкийскэ автономнэ округгэр СССР-м хьэхъуэ кьыззрагъэпэщащ.

♦1987 гъэм усакІуэ, тхакІуэ **Бродский Иосиф** Нобель и саугъэтыр литературэмкІэ кьыхуагъэфэщащ.

♦Урыс усакІуэ, «Современник», «Отечественные записки» журналхэм я редактору щыта **Некрасов Николай** кьыззралъхурэ илъэси 199-рэ ирокъу.

♦Совет цирким щыджэгуа клоун щІэныгъэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лжжьыгъэм и ЛІыхъужь **Румянцев Михаил (Карандаш)** кьыззралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Хоккеистуи футболистуи щыта, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, СССР-м щІыхь зиІэ и тренер **Тарасов Анатолий** кьыззралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъыш Нухь** и ныжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **ЩІхьэныкъуэ-Лафыщ Мухьэмэд** и ныжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Адыгэ дирижёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тІэунейрэ и лауреат **Темыркъан Юрий** и ныжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгуэт Борис** кьыззралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УэрэдУс, КъБР-м гъазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Согуэ Данил** и ныжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Самбо бэнэкІэмкІэ дунеим пщыкІузрэ и чемпион хъуа **Хьэсанэ Мурат** и ныжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуэбэр градуси 2, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъаз эм и 11, *мэрем*

♦Бгыхэм я дунейпсо махуэщ

♦Танго къэфэкІэм и дунейпсо махуэщ

♦1802 гъэм император Александр Езанэм упафэ кьыдигъэкІащ зэпымыууэ лэжьэну мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущапіэ Санкт-Петербург кьыщызэгъэпэщынымкІэ Іуэхущапіэ.

♦1815 гъэм Берже и заводу Петербург дэт япэ урыс кхъухьыр щащІащ.

♦1946 гъэм ООН-м Сабийхэм защІэгъэкъуэныжьмкІэ фонд (ЮНИСЕФ) кьыззрагъэпэщащ.

♦1956 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и обкомым и япэ секретару хахащ.

♦2008 гъэм, Солженицын Александр кьыззралъхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлІэу, кьызэІуахащ абы и гъащІэм и кьеклуэкІыкІам, и творчествэм, урысей, дунейпсо тхыдэм щыІэнэ увыпІэм теухуа сайт. Ар зи жэрдэмыр тхакІуэм и щхьэгъусэ Солженицынэ Натальет.

♦Нэмыцэ бактериолог цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Кох Роберт** кьыззралъхурэ илъэси 177-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, публицист **Плеханов Георгий** кьыззралъхурэ илъэси 164-рэ ирокъу.

♦Французы актёр, тхакІуэ, сурэтыщІ, скульптор **Марэ Жан** кьыззралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Солженицын Александр** кьыззралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЩхьэгуэшІ ШотІэ** кьыззралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет теннисист, актёр, спорт комментатор цІэрыІуэу щыта, УФ-м и цІыхубэ артист **Озеров Николай** кьыззралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Светин Михаил** (и цІэ дыдэр **Гольцман Михаилщ**) кьыззралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ суэрэтыщІ **Абей Виктор** кьыззралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Щербаков Борис** и ныжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Совет музыкант, уэрэджьыкІуэ, «Машина времени» гуп цІэрыІуэр кьыззэзыгъэпэща, УФ-м и цІыхубэ артист **Макаревич Андрей** и ныжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦«Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэ пажэу щыта, КъБР-м и цІыхубэ артисткІэ **Егъэн (Багэтыр) Маринэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦Осетие Ищхъэрэ - Алание щыщ бэнакІуэ цІэрыІуэ, дунейм тхуэнейрэ и чемпион, 2004 гъэм Афины (Алыдж) щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм щыщ медаль кьыщызыхьа, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Гацалов Хьэжмурат** и ныжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьазырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи бын фІыуэ зылъагъум уи щхьи фІыуэ елъагъу.

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

ПщІэ зыхуэтщІ щІэджыкІакІуэхэ!

2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэыхьэх, фІыуэ флъагъу кьыдэкІыгъуэхэм Іэ щытегъдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ кьудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pocht.ru. сайтым.

Іэ зытегдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт кьудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжьыну кьаІэн зыщыдощІыж.

КъыдэкІыгъуэхэм Іэ тедзэным теухуа фи упщІэхэм жэуап къратыжьынущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ кьудамэхэм я Іуэхьакіуэхэм.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мази 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэпІейкІэ 76-рэщ

Ди индексыр П 5894.

КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

Хабзэрэ Конституцэрэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Зи гугъу тщІы Іуэхугъуэхэм тегъэщІапІэ яхуэхъуахэм ящ 1789 гъэм къащтауэ щыта «Франджым иц цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ» зи фІэщыгъэ дэфтэрыр. Абы итт «цІыху псори щхьэхуиту, я пщІэрэ зыхуиткІэ зэхуэдэу дунейм къызэрыгтехьэр». Адрей тегъэщІапІэр - Псоми зэдай декларацэм и пэублэм «цІыхубэ унагъуэм иц дэтхэнэ зыми и щІыхьэ езым къыбгъэдумыкьыфын хуитыныгъэхэмрэ» зэриІэр; къэралыгъуэм цІыхур зыхуей хуэзэн папщІэ зыхуигъэувыж къалэнхэр нэсу гъэззэщІа хъун папщІэ, «ар зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэхэмрэ я мыхьэнэр псоми зыгурагъэІуэн зэрыхуейр».

ДУНЕЙ псом къабыл щащІа тегъэщІапІэхэм деКІун мурадКІэ, Урысейми нэрыбгэ щхьэхуэм кьыІыс лъагагъым зыщихьуэжащ. Ар теухуауэ цІыхумрэ цІыхубэмрэ щхьэж зыхуейзыхуэфІ елытауэ зэрызздеКІуэпІхъэм. Ахэр епхащ захуагъэм темыщІыхьа зэныкъуэкъуэ къызыхэхуэ, имей зэрахьлІэн плъапІэкІэ кьыдах экономикэ лъэкыгъэхэм; къэралым и хуэныкъуэныгъэкІэ нэрыбгэ щхьэхуэм и мылькур хагъэзыхьу кьызэрыІах щІыкІэм; щІыуэпсымрэ нэрыбгэ щхьэхуэхэмрэ зэран яхуэмыхьуу щытмэ, абыхэм я Іыхьэ гуэр къэзыщхуам зэрихьэну зэрыкъуитым.

Хабзэм зихъуэжащ дуней псом лъабжьэу къыщалытэ тегъэщІапІэхэм я Іуэхугъуэхэм тегъэщІапІэ яхуэхъуахэм ящ 1789 гъэм къащтауэ щыта «Франджым иц цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэхэмрэ» зэриІэр; къэралыгъуэм цІыхур зыхуей хуэзэн папщІэ зыхуигъэувыж къалэнхэр нэсу гъэззэщІа Іэмалкіэ дакъуэзэну зэрихьэну зэрыкъуитым.

ЗИЖЫЕІ псом къабыл щащІа тегъэщІапІэхэм деКІун мурадКІэ, Урысейми нэрыбгэ щхьэхуэм кьыІыс лъагагъым зыщихьуэжащ. Ар теухуауэ цІыхумрэ цІыхубэмрэ щхьэж зыхуейзыхуэфІ елытауэ зэрызздеКІуэпІхъэм. Ахэр епхащ захуагъэм темыщІыхьа зэныкъуэкъуэ къызыхэхуэ, имей зэрахьлІэн плъапІэкІэ кьыдах экономикэ лъэкыгъэхэм; къэралым и хуэныкъуэныгъэкІэ нэрыбгэ щхьэхуэм и мылькур хагъэзыхьу кьызэрыІах щІыкІэм; щІыуэпсымрэ нэрыбгэ щхьэхуэхэмрэ зэран яхуэмыхьуу щытмэ, абыхэм я Іыхьэ гуэр къэзыщхуам зэрихьэну зэрыкъуитым.

Хабзэм зихъуэжащ дуней псом лъабжьэу къыщалытэ тегъэщІапІэхэм я Іуэхугъуэхэм тегъэщІапІэ яхуэхъуахэм ящ 1789 гъэм къащтауэ щыта «Франджым иц цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэхэмрэ» зэриІэр; къэралыгъуэм цІыхур зыхуей хуэзэн папщІэ зыхуигъэувыж къалэнхэр нэсу гъэззэщІа Іэмалкіэ дакъуэзэну зэрихьэну зэрыкъуитым.

ЗИЖЫЕІ псом къабыл щащІа тегъэщІапІэхэм деКІун мурадКІэ, Урысейми нэрыбгэ щхьэхуэм кьыІыс лъагагъым зыщихьуэжащ. Ар теухуауэ цІыхумрэ цІыхубэмрэ щхьэж зыхуейзыхуэфІ елытауэ зэрызздеКІуэпІхъэм. Ахэр епхащ захуагъэм темыщІыхьа зэныкъуэкъуэ къызыхэхуэ, имей зэрахьлІэн плъапІэкІэ кьыдах экономикэ лъэкыгъэхэм; къэралым и хуэныкъуэныгъэкІэ нэрыбгэ щхьэхуэм и мылькур хагъэзыхьу кьызэрыІах щІыкІэм; щІыуэпсымрэ нэрыбгэ щхьэхуэхэмрэ зэран яхуэмыхьуу щытмэ, абыхэм я Іыхьэ гуэр къэзыщхуам зэрихьэну зэрыкъуитым.

Хабзэм зихъуэжащ дуней псом лъабжьэу къыщалытэ тегъэщІапІэхэм я Іуэхугъуэхэм тегъэщІапІэ яхуэхъуахэм ящ 1789 гъэм къащтауэ щыта «Франджым иц цІыхур зыхуитхэмрэ и щхьэхуитыныгъэхэмрэ» зэриІэр; къэралыгъуэм цІыхур зыхуей хуэзэн папщІэ зыхуигъэувыж къалэнхэр нэсу гъэззэщІа Іэмалкіэ дакъуэзэну зэрихьэну зэрыкъуитым.

Щіэныгъэлі щэджащэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий

Лъэпкъым, хэкум, щІэныгъэм хэщІыныгъэшхуэ ягъуэтащ. Хьэлъэу сымэджа нэужь, илъэс 74-м иту дыгъэгъаззи и 8-м дунейм ехьжащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я Іуэрыгъ, Бгъэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр.

Й щІэныгъэрэ и лэжьгъэкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхьуэ Бгъэжьнокъуэ Бахъсэн щІынальэм хьхьэ Зеикъуэ (ХьэтІохъущхьуей Ипщэ) къуажэм 1947 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр фы дыдэу къиуха нэужь абы еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и филологие факультетым. ЕхъулІэныгъэхэр иІэу щІэныгъэ нэхъыщхьэхэр зригъэгъэуэтащ Барэсбий, ауэ абдежым къыщыувыІакъым. Щ1эныгъэм хуэнэхъуеинш щІалэм и зэфІэкІхэм щыхигъэхъуащ СССР-м щІэныгъэхэмкІэ и Академием Бзэщ1эныгъэхэмкІэ и институтым и аспирантурэм. КъБКъУ-мрэ аспирантурэмрэ щыщеджа илъэсхэм иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу Бгъэжьнокъуэ Барэсбий игъэхьэзыращ икІи 1973 гъэм ехьулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ и кандидат диссертацэр.

Еджэныр зэфІигъэкІыу Хэкум къыгъэззэжа нэужь, Зеикъуэ щыщ щІалэр КъБКъУ-м ирагъэблагъащ икІи илъэси 10-м щІигъкІэ абы психологиер щриІэджащ. Жэуапльныгъэ зыпылъ а лэжьыгъэм къыдэкІуэу Барэсбий къэхутэныгъэхэр иригъэкІуэкІырт икІи абыхэм къарикІуахэр и тхыгъэхэм къыщигъэлъагъуэрт, дунейпсо щІэныгъэ зэхьыхьэхэм я утыкуэгъэхэм щиІуатэрт.

1974 гъэм къыщыщІэдзауэ Барэсбий жыджэру ядэлэжьэн щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и Іэщ1агъэлІхэм. Ар ирагъэблагъэрт абы къыщыізэрагъэпэщ этнографие зекІуэхэм, щІыналъэм и лъэпкъхэм я хабзэхэр, щэнхабзэхэр джыным епхауэ институтым щекІуэкІ лэжьгъэхэми хуабжьу дахьэхыу хэтащ.

1970 гъэм я кІэухэм щІэныгъэлІыр дехьэх цІыхухэм яку дэлъ пъэпкъщэнхабзэ зэхущытыкІэхэр джыным. Абы теухуа и гупсысэхэр Бгъэжьнокъуэм къыщыгъэльагъэ тхыгъэ куэдым. Аращ зы-теухуауэ щытар «ЗэхущытыкІэхэмрэ щэнхабзэмрэ» лэжьыгъэ иныр. «Советская этнография» журналым 1978 гъэм къытехуа къэхутэныгъэ купщІафІэм мыхьэнэщхуэ иІащ зи гугъу тщІы зиІэныгъэр джынымкІэ. ЗэфІиха апхуэдэ къэхутэныгъэхэр щІэныгъэлІым къыщыізэщІикъуэжащ 1985 гъэм утыку къриха и доктор диссертацэм. Абы гулъытэщхуэ щигъуэтащ щІэныгъэ дунейм. Бгъэжьнокъуэм и лэжьыгъэм япэу щыубзыхуауэ щыта «лъэпкъ зэхущытыкІэхэр», «лъэпкъ образхэр», «лъэпкъ щэнхабзэхэмкІэ зэхъуэжьнэныгъэ», «зэхущытыкІэхэм я хабзэхэмрэ нэщэнэхэмрэ» псалъэ зэпхахэр, нэгъуэщІхэри абы къыщыщІэдзауэ хьхьащ щІэныгъэ литературэм икІи ахэр щэщІауэ къагъэсэбэп.

А илъэс дыдэм Бгъэжьнокъуэ Барэсбий ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым. Ар абы щылэжьащ этнографиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу, лъэпкъыр, абы и щэнхабзэр джынымкІэ къудамэхэм я унафэщІу. ЩІэныгъэ куурэ зэфІэкІыШхуэрэ зыбгъэдэлъ хэкупсэ щІалэр 2007 ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и директору икІи илъэсыбкІэ а Іанэтірэ къыщыхуэтынкІыр ирихьэкІащ. Бгъэжьнокъуэм и нэІэм щІэту Іуэхущ1апІэм а лъэхъэнэм щІэзэфІахащ къэхутэныгъэ куэд, къыщыізэрагъэпэщащ щІэныгъэ симпозиумхэр, конференцхэр, нэгъуэщІ зэхьыхьэхэр. Институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэхэр жыджэру хэтащ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щекІуэкІ дунейпсо зэхуэсхэм.

Ирагъэкіуэкіа къэхутэныгъэ купщІафІэхэр щІэныгъэлІым зэхуихьэсыжри, 1990 гъэм езым и редакцэм щІэту къыдигъэкІауэ щытащ «ЩІэнхабзэм и дуней» тхылъыр. Куэдым яфІэхьэлэмэта а къыдэкІыгъэм ихуат адыгэ щэнхабзэм епхауэ а зэманым ирихьэлІэу щыІэ лэжьыгъэхэр. А тхылъ гъэщІэгъуэным къыкІэлыкІуэу 1991 гъэм дунейм кьытехьащ «Адыгэ псалъэ» джэгу хабзэхэр» тхылъыр. Абы Бгъэжьнокъуэм къыщигъэльэгъуэ адыгэ джэгум пкърылъ купщІэмрэ лъэпкъ гупсысэмрэ зэрызэпхар. Лъэпкъпсо мыхьэнэшхуэ иІащ Бгъэжьнокъуэм и къалэмыпэм кьыпыкІа «Адыгэ щэнхабзэ» монографиеми. ЦІыхум и псэукІэ-щыІэкІэр, гупсысэр, дуней еплъыкІэр кьызыхэкІа лъэпкъым елъытауэ зэрыщытым тещІыхьа а къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэныр «лъэпкъ антропологие» щІэныгъэ унэтІыныгъэщІэ кьалъытат.

Адыгэ дунейр, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр, нэмысыр япэ изыгъэщу псэу щІэныгъэлІым 1990 - 1993 гъэхэм кьыдигъэкІащ «ЩІэнгъуазэ» газетыр. Абы и напэкІуэцІхэм къытраІуа тхыгъэхэр тещІыхьат адыгэхэм я тхыдэ блэкІам, абыхэм зэрахьэу щыта хабзэхэм, лъэпкъ ІуэрыІуатэм. Ахэр хъуащ «Адыгэ щІэнгъуазэр» кьыдэгъэкІыным хуэгъэпса лъэбакъуэщІэхэу, лэжьыгъэ купщІафІэхэу.

Пщ1эшхуэ яІащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий и тхылъхэу «Адыгэ хабзэ», «Гуманистическэ этнологием и лъабжьэр», «Къэнжал зауэр», «ЦІыху щэным и антропологиер», «Хъуэхъужьхэм гыбзафэхэр кьызэрыхэщыр», «Адыгэ унагъуэм и кьызэгъэпэщыкІэр: лъэпкъ этнографием ипкъ итКІэ», «Шэрджэсхэр (адыгэхэр)», нэгъуэщІхэми. ЩІэныгъэлІ-этнолог цІэрыІуэм и кьаІэмыпэм псори зэхэту кьыпыкІащ тхыгъэ щхьэхуэу 200-м щІигъу. Абыхэм яхэтщ моногра-фие куэд. Ди къэралым кьызэрыщыдэкІам кьыдэкІуэу, абыхэм ящыщ куэд щытрадзащ хамэ щІыпІэхэми: США-м, Германием, Чехием, Швециием, Куржым, Болгариеми.

Иужьрей илъэсхэм Бгъэжьнокъуэр щылажьэ институтым пасэрей тхыдэмрэ археологиемкІэ и къудамэм и унафэщІу лэжьащ, «Вестник КБИГИ», «Кавказ Ищхъэрэм и археологиемрэ этнологиемрэ» щІэныгъэ журналхэм я редактор нэхъыщхьэуи щытащ.

Бгъэжьнокъуэ Барэсбий къарурущхуэ тригъэкІуэдащ адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм хэлъ щхьэхуэр кьыщІэгъэщыным, абыхэм я лъабжьэр къэхутэным. Абы кьыдэкІуэуи, Барэсбий хуэфІэкІащ щІэныгъэ гъуэгум япэ лъэбакъуэ хэзычэ щІалэгъуалэр кьызэщІэщІэтэн, ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм тригъэгушхуэн, зыхуэныкьуэкІэ къызэригъэпэщын.

КъызыхэкІа лъэпкъым гурэ псэкІэ бгъэдэта, хьэлэлу хуэлэжьа ЛІыгЕым и фэеплъыр адыгэм зэи тщыгъупщэнкъым, абы и Іэдакъэ къыщІэкІа къэхутэныгъэхэри иджыри куэд дыдэрэ лъэпкъ щІэныгъэр иригъуаззу щытынущ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент Къанокъуэ Арсен, вице-президентхэу ЛІэужь Іэдэм, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, ЩхьэгъэпсО Сэфарбий, академикхэу Щоджэн Іэсхьэд, Мэшбащ1э Исхьэкъ, Дзэмыхь Къасболэт, Бакіуу Хьэнджэрий, ХьэкІуащэ Андрей, Бырсыр Батырбий, Мамий Руслан, Уэхъутэ Александр, Къандур Мухьэдин, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Джырандокъуэ Михаил, член-корреспондентхэу Хьэуткъуэ Самир, Уэз ФатІимэ, Иуан Зэуал, Къуиикъуэ Асфар, Къалмыкъ Жылэбий, щІыхь зиІэ академикхэу Ершов Виталий, Джарым Аслъэн, «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэныгъэ обозреватель Табыщ Мурат.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкі э и министерствэм, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхугъэмкІэ и министерствэм, Щэнхабзэмкі э и министерствэм, Урысей Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым, Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман» республикэ газетхэм, «Іуащъхьмахуэ», «Минги Тау»,«Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, «КЪБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм я лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящыхъуащ **Макитов Камал Магомед и къуэр** дунейм зэрехьжар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Зэтемыщэхэжын быдапІэкъым

● Бгыхэм я махуэ

Бгыхэм я дунейпсо махуэр дыгъэгъазэм и 11-у 2003 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІа и 57-нэ зэхуэсым къыщащтами, абыкІэ жэрдэмыр къыщыхалъхьауэ щытар нэхъ пасэуц - 1992 гъэм зи гугъу тщІы зэгуихьэныгъэм зэхиша конференцыр - дыкъзэыуХъуреихь дунейр хъумэнымрэ зегъэужьыныкъэ теухуауэ щытарщ.

ДИ ПЛАНЕТЭМ щыгуу иІэм и Іыхьэ пЛанэр (процент 22-м щІигъур) къуршхэмрэ къуакІэбгыкІэхэмкІэ щІэхъуащ. Урысей Федерацэр къатщтэмэ, и щІыналъхэм ящыщу 43-м къуршхэмрэ лъагапІэхэмрэ зыщагубгъуащ.

ЩІэныгъэлІхэм кьызэралытэмкІэ, дунейпсо экономикэм зиужьыныкмкІэ бгылъэ щІыпІэхэм я мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ. ЩІы Хъурейм тес цІыхухэм ящыщу процент 13-р (мелардым нэблагъэр) къуршылъэ лъагапІэхэм щопсэу. Ахэр абыхэм я дежкІэ икІи я ерыскъы хэкІыпІэщ. НыжьыгъэщІапІэхъэщ, къуршхэр нэгъуэщІ щІыпІэ уэщІримыхьэлІэ къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я хэгъэгу, ди планетэм и щІыгум щежэх псышхуэхэм я нэхъыбапІэм я къежьапІэу зэрыщытри, цІыхухэр нэхъ дзэзыхьэх, туризмэм нэхъ зыщижьэ щІыпІэ тельыдджэхэм зэрыхалъытэри.

Къуршхэри гулъытэ хуэныкъуэщ

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІуэтэху къэси нэрылъагъу мэхъу бгыхэми тІасхьапІэ зэрапэр, ахэри игъащІэкІэ зэтемыщэхэжын быдапІэу зэрыщымытыр. Дигу кьемыуэнкІэ Іэмал зимыІэщ, бгыхэм хьугуэфІыгъуэхэр кьыщІэзых ябынныкъэ Іуэхущапі эхэм я унафэщІхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэмыІэжьжьым, я Іуэхущафэхэм къарикІуэнум зэрытемыгузэвыхьым кьыхэкІыу, ахэр щылъэщ щІыпІэхэр кьыпхуэмыцІыхужьын хуэдизу тепльаджэ зэрыхъури.

Гъэщ1эгъуэныр аращи, альпинистхэми туристхэми яхэтщ зэхакІухь джабэ нэкІуэкІэмрэ абыхэм я зэхуаку дэт тІуащІэхэмрэ леишхуэ езыихэри. А псом я гущІыІуэкІи, къуршхэм я куэщІ иц кьалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэсхэми щыпсэу щІыпІэм зэхъуэкІыныгъэ узыхуэмейкэр къыщагъэхъу.

Зи гугъу тщІахэм мыри дэщІыгъуэкІыпхъэщ: дыкъзэыхуэрихь дунейм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм - уэгъум, яТІэпс къежэххэм, уафэм къех псыІагъэм гуилъэсыкІ-гуигъэухэм, уэсукъхуэхэм кьыздрахьэх мывэхэм, цІыхухэм я зэхуаку къыздахьуэ зэгурымІыуэныгъэхэм, нэгъуэщІхэми - я зэрани бгылъэ щІыпІэхэм йокІ.

Гъэщ1эгъуэнщ

ЩІы Хъурейм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыхэр зыхьыхьэ Гималаи къурш зэрыщІыгъым километр мини 3-м нэблагъэ и кІыхьагъщ, и бГъуагъыр километр 350-м нызэрохьэс. Къэзыхъуреихь Іэгъуэблагъэм ар апхуэдизу щхьэщыІэткІащи, и лъэныкъуэ зырызымкІэ дунейм и щыткІэр щызэхуэдэкъым: ищхъэрэкІэ зыкъыщІэзэкъуэзых губгъуэшэкракъ абрагъуэхэм Сыбыр щІыІэр кьыпысми, Индие къэралитІуэмкІэ гъэза и дежкІэ нэкІухэр зыкъуэкІуэж тІуащІэ щІэращІэхэм, мэзыльэ бгыщІэхэм я лъабжьэм, жэнэтым укъыщыхутам хуэдэщи, щыхуабэщ, щызэгъэщ. Дызэрыщыгъуаззщи, Гималаи къурш зэрыбыным хеубыдэ метр 8848-рэ зи лъагагъ Джомолунгмэ (Эверест) бгыжьри абы куэдкІэ закъыкІэрызымыгъэху адрей Іуащхьи І0-ри.

ЗэрыщІэщи, куэд щІащ дыщыпсэу Кавказыр зыщыбгъэпсэкункІэ, лъэс туризмэм зыщыбгъэзэужьныжьмкІэ, лыжэхэм я щІыпІэхэм я мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ. ЩІы Хъурейм тес цІыхухэм ящыщу процент 13-р (мелардым нэблагъэр) къуршылъэ лъагапІэхэм щопсэу. Ахэр абыхэм я дежкІэ икІи я ерыскъы хэкІыпІэщ. НыжьыгъэщІапІэхъэщ, къуршхэр нэгъуэщІ щІыпІэ уэщІримыхьэлІэ къэкІыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я хэгъэгу, ди планетэм и щІыгум щежэх псышхуэхэм я нэхъыбапІэм я къежьапІэу зэрыщытри, цІыхухэр нэхъ дзэзыхьэх, туризмэм нэхъ зыщижьэ щІыпІэ тельыдджэхэм зэрыхалъытэри.

Къуршхэри гулъытэ хуэныкъуэщ

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІуэтэху къэси нэрылъагъу мэхъу бгыхэми тІасхьапІэ зэрапэр, ахэри игъащІэкІэ зэтемыщэхэжын быдапІэу зэрыщымытыр. Дигу кьемыуэнкІэ Іэмал зимыІэщ, бгыхэм хьугуэфІыгъуэхэр кьыщІэзых ябынныкъэ Іуэхущапі эхэм я унафэщІхэр я лэжьыгъэм зэрыхуэмыІэжьжьым, я Іуэхущафэхэм къарикІуэнум зэрытемыгузэвыхьым кьыхэкІыу, ахэр щылъэщ щІыпІэхэр кьыпхуэмыцІыхужьын хуэдизу тепльаджэ зэрыхъури.

Гъэщ1эгъуэныр аращ

Ди тхыгъэр зытеухуа хабзэр, езы псалъэм къыкIыр, ар зищIысыр зыщIэжу адыгэхэм нобэ яхэтыр закъуэтIакъуэхэщ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ - ар лъэпкъым и цIыхухэм къамыгъэсэбэныр мэхъу, анэдэлъхубзэм мащIэ-мащIэуэрэ хокIуэдыкI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ хабзэри, абы зэредж псалъэри тфIэкIуэда щхьэкIэ, къезэгъыр къым лъэпкъым лIэщIыгъуэкIэрэ къигъэсэбэну къыдзэгъуэгурыкIуа хабзэ гъэщIэгъуэным иджырей ди цIыхухэр щIымигъуэзэу, зыри хамыщIыкIыу щIытыныр.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, а хабзэр къэзэтезыгъэнэну, лъэпкъым и цIыхухэм яхуэзыхъумэну зи пщэ къыдахуэ тхыдэтхэми - пасэрейхэми иджырейхэми - ар гъэщIэгъуэн ящыхъуу, зэхагъэкIыну яужь ихьахэри абы хужаIахэри мащIэ дыдэщ. А тIэкIуэхэри нэгъэса хъуакъым, арэзы укъащIыркъым. Щхьэм къыпхуимыгъэтIасэу нэгъуэщI зыгуэри мы Iэхъум хэлъщ: лIэщIыгъуэ Iэджэ къыззэзыпэкIыу ди дежь къэса псалъэм лъэпкъыбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм гулъытэ гуэр хуащIакъым, ар къызэтегъэгъэнэн хуейуэ я пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. ЗэрымыщIэкIэ лIэщIыгъупщIыкIарэ къызэрамыгъэсэбэныжьмкъыхьIыу ахъмрэ зыхьарэ дэ тхузэхэгъэкIакъым, ауэ иужьырей илъэс зытIощIым къыдэкIа «Адыгэ псалъалъэми» (1999) «Адыгэ-урыс псалъалъэми» (2008) акIэ псалъэр, сыт и щхьэусыгъуэми, хагъэхьакъым. Бзэм хэту щызэхимыхкIэ, псалъалъэхэм ягъэуэщI зыгуэри мы Iэхъум хэлъщ: лIэщIыгъуэ Iэджэ къыззэзыпэкIыр ди дежь къэса псалъэм лъэпкъыбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм гулъытэ гуэр хуащIакъым, ар къызэтегъэгъэнэн хуейуэ я пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. ЗэрымыщIэкIэ лIэщIыгъупщIыкIарэ къызэрамыгъэсэбэныжьмкъыхьIыу хамыгъэхьарэ дэ тхузэхэгъэкIакъым, ауэ иужьырей илъэс зытIощIым къыдэкIа «Адыгэ псалъалъэми» (1999) «Адыгэ-урыс псалъалъэми» (2008) акIэ псалъэр, сыт и щхьэусыгъуэми, хагъэхьакъым. Бзэм хэту щызэхимыхкIэ, псалъалъэхэм ягъэуэщI зыгуэри мы Iэхъум хэлъщ: лIэщIыгъуэ Iэджэ къыззэзыпэкIыр ди дежь къэса псалъэм лъэпкъыбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм гулъытэ гуэр хуащIакъым, ар къызэтегъэгъэнэн хуейуэ я пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. ЗэрымыщIэкIэ лIэщIыгъупщIыкIарэ къызэрамыгъэсэбэныжьмкъыхьIыу ахъмрэ зы

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Нэхъ мащІэну?

● Хэхъуэ

Лэжьыгъэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (МОТ) игъэхьэзырыщ 2020 - 2021 гъэхэм улахуэм и Іуэхур зыхуэкІуэнум теухуа тхыгъэ.

ИДЖЫПСТУ зэрыщытращи, къэралищ къэс тІум е лэжьапІщэм щыкІэрыхуащ, е щыхэхъуэрхьым. Зэ еплъыгъуэкІэ ар щІалъэхьым, ауэ ари къыщыпкІуар щІыхуэхэр лэжьапІэншэ дыдэу къэмынэным теухуауэ къэралхэм улахуэм хъыбарыщ Іэхъуэхэращ.

Адрей къэралхэм улахуэм хагъэхъуэн щхьэкІэ щІыху куэд Іуагъэкіын хуей хъуащ, ахэр арыншами зи лэжьапІэр мащІэхэрэщ. Европэм и къэрал 28-м улахуэр гъатхэ мазищым къыщыщІэдзауэ мащІэ дыдэ щІыхьнут (проценти 8 - 17-м нэс) къэралхэм и чэзум субсидие яту щІамыдзатэмэ. КІэщІу жыпІэмэ, иужькІэ зэгъэзэхуэжыгъуэй хъунум зыщІахъумэфащ.

Ауэ уэзыщыынэн кІыгъэщІащ уэ зэрыщІалэм. МОТ-м и унафэщІ Райдер Гай зэрыжиІэмкІэ, пандемием кІуплейсыхэр нэхъыбэ ищІынущ, я щыІэкІэ-псэукІэмкІэ мыарэзыуэ зыкъэзыІэтынухэр гъэсэбырыжьгъуей хъунущ. УнафэщІым къелъытэ, дунейр нэхъыфІым хуэкІуэну хуейм-мэ, зэхахьну яфІэмыфІ упщІэхэм жэуап иратыну ирагъэувэлІэну. Псалъэм папщІэ, сымаджэхэм кІэлъыплъхэм, егъэджакІуэхэм я улахуэр апхуэдизу щІэмащІэр сыт, ягъэзащІэ лэжьыгъэм щІыхуэхэм, къэралхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр гурыІуэгъуэмэ.

МОТ-м и экспертхэм мыбыи гу лъыдгъытэ. НэгъуэщІхэм яхуэлажьэ щІыху мелуан 226-м я улахуэр къэралым я нэхъ мащІэу щат лэжьапщІэм хуэдизи хъуркъым.

Коронавирусым щІыхуцІэ зиІэр текІуэнущ, шэч хэмылъу. Ауэ тхьэмыщкІэр куэдыщэ щыхъуэ мы дунейм къыпплъэсыт? Сыт и лъэныкъуэкІи зэпэжыжьэ хъуа кІулейкэмрэ кІулейсыхэмрэ псалъэ хъыыхуагъуэтыну? ЗэфІэкІ зиІэхэр хуеину я щыуагъэр зэрагъэзэхуэжьыну?

ООН-м 1993 гъэм игъэуващ КІулейсызыгъэр кІыхьэнэкІыным щІэбэныным и махуэ - жэпуэгъуэм и 17-р. Абы лъандэрэ нэхъыбэ мыхъуам яхэщІакъым къэрал гулъытэ хуэныкъуэхэм я бжыгъэм, уеблэмэ къаэхэчуащ зауэмэрэ щІыуэпс къэхъукъащІэхэмрэ я зэранкІэ щтапІэ ихьэжаэрэр къаэхьхьэжри. Апхуэдизкэ мелуан 70-м щІегъу. Уи нэгу къыщІэбгъэхьэну гугъукъым абыхэм я кІулейсызыгъэр здынэсыр.

ЦІыхухэр тыншу щыпсэу къэралхэри щыІэщ, Норвегие, Хьэрэп Эмират Зэгуэтхэр, Германие, Сингапур, Швейцарие жыпІэмэ. Ар щІыжьысІэращ, цІыхухэр куэд хъуауэ икІи щІым къытраихыр яхуримыхужу ди фІэщ зыщІыну хущІэкъуэхэм къагурыІуапхъэт къэралым и щыІэкІэ-псэукІэр акъыл уззщІам, напэм, цІыхугъэм тету къызэзэгъэпэщажэм заужьыну Іэмал зэрагъуэтар. Ауэ напэмрэ политикэмрэ зэІэпэгъу пщІыныр зэрымытыншым тепщІыхьмэ, зауэрэ гъаблэрэ къэмыхъу къудейм нэгъуэщІ дыхуейкІыным, жьитІэу дыпсэунращ къытхуэнэжыр. А гуэвэгъуэшхуэхэм уз зэрыщІалэрэ къаэхьхьэжащи, цІыхухэм задыгъуащ, пщэдейм дэнэ къэна, нобэм къызыхуэтэджынур ямыщІэу.

● Узыншагъэ

Сымэджахэм папщІэ

Урысейм и санаторэхэм я проценти 10-р хьэзырщ коронавирус къызэузахэм я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэжыну. Къапщтэмэ, ди къэралым и дэтхэнэ хэгъэгуми щыІэщ апхуэдэ санаторэ зы нэхъ мыхъуми. Мазэ кІуам ипэм елъытауэ процент 20-кІэ хэхъуащ сымэджакъэм ящыщу санаторэм зыщызыгъэхъужьну кІуахэм я бжыгъэр. Узыншагъэр зэфІэуэвэжьын папщІэ махуэ 14 - 21 хуэдизкІэ абы ущыІэн хуейщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, уасэкІэ санаторэхэр зэхуэдэныкъым. Зы жащмахуэм сом мини 2-м къыщыщІэдзауэ 8-м нэс я уасэщ. Нэхъ лъапІэхэр «вагъуи» 4 - 5 зиІэ хьэщІэщхэм ещхьщ, цІыхум и тыншыгъуэм сыткІи тегъэпсыхьауэ.

Ику иту сом мини 100 и уасэщ санаторэм тхьэмахуищкІэ ущыІэныр. ЦІыху сымэджкъм процедурэу 6 - 10 хуащІ зы жэщ-махуэм. А псори зытеухуэжар вирусыр зэуа тхьэмбылыр, лъынтхуэр, нэгъуэщІхэри гъэхъужьныращ.

ШІэч хэлъкъым санаторэ уасэр зэрылъапІэм. КъызыпхагъэІукІ ОМС-м сымаджэхэм яхуэзфІых Іэхъуэхэм мыри хэгъэхьэн хуейуэ. Зэкіэ унафэ зиІэр аращи, поликлиникэхэм процедурэхэр щрагъэкІуэкІынущ сымаджэр зи нэІэ щІэт дохутырым и жьІэм тету.

Урысейм щыщу сымаджар мелуанитІым щхьэдэхащ. Дохутырхэм зэрыжаІэмкІэ, ди цІыхухэм я процент 70-м антитела яІэ хъумащ узыфэр къыщытухъэнырэ зэлъытари вакцинэращ.

Дыгъэгъазэм и 10-м и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу самбэмкІэ дунейпсом 11-рэ я чемпион, Дунейпсо кубокыр 8 къэзыхьа, Европэм 5 щытекІуа, 19-рэ къэралым дыщэр щызыІэрызыгъэхьа Хьэсанэ Мурат. ЩІы хъурейм щыгъэтыгъуейщ Адыгейм и Куэшхьэблэ щІыналъэм хыхьэ Еджэрыкъуэй къуажэм къыщалъхуа щІалэм зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм хуэдизу зиІа. Илъэс пщыкІутхум щІигъукІэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и капитану ар щытащ икІи зыхэт спорт лІэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэу куэдрэ къалъытащ. Абы самбэмкІэ хъуралми дунейми къыщыпэлъэщщи щІагъуэ щыІакъым 1993-2006 гъэхэм.

НАРТ теплъэ зиІэ щІалэ Іэбыдэлъэбыдэ цІыкІу хихьуащ Еджэрыкъуей къуажэм щыпсэу Хьэсанэ Руслан и унагуэм 1970 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м. И къэхъукІэкІи зыужьыкІэкІи ар пелуан щыпкъэт. Нэхъ къыдэкІуэтейуэ школым щІэтІысхьа иужькІи, и ныбжьэгъэхэм къащхьэщыкІт и теплъэкІи зэфІэкІкІи. Ебланэ классым щынэсам гу къыльатэри, мо псынщІэу къэжэпхъ щІалэ цІыкІур самбэмрэ дзюдомрэ хуагъэсэн щІадзащ. ЗыщІэс школым физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Бэрэзэкъ Щыхьымэ ейх и апэ тренер хъуащ икІи къару куэд ирихьэлІащ Мурат спортсмен Іэзэ къыхэкІын папщІэ. Аращ лъабжьэ быдэ хуэзыгъэтІылъар дуней псом тепщэныгъэр щызыубыдыну щІалэм и екъулІэныгъэ инэм.

ГъащІэ гъуэгу хуэхъунум Хьэсанэ Мурат куэдрэ егупсысакъым курыт еджапІэр къиуха иужькІэ. Самбэмрэ дзюдомкІэ зыхэта зэхьэзэхэм къыщихьа екъулІэныгъэхэм абы къыригъэщІат текІуэныгъэм и Іофлагъыр икІи Мейкьуапэ дэт Адыгэ къэрал университетым и спорт факультетым щІэтІысхьащ. Зэреджэм хуэдэуэ, зыщигъасэу щІидзащ Самбэмрэ дзюдомкІэ олимп резервым и школым. И насып къикІри, хэхуащ Невзоров Виктор (олимп чемпион Невзоров Владимир и къуэш нэхъыщІэщ) и гупым. Абы куэд къыригъэщІащ адыгэ щІалэщІэм. КъыкІэлъыкІуэу Мурат ягъэсащ Себелев Александр, ЩхьэлажьэхэІ Валентинрэ Русланрэ икІи дэтхэнэми фІы гуэрхэр къыхалъхьащ - армырауэ дуней псом щытепщэ ухъуфынукъым.

1980 гъэм Мэзкуу щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм жэз медалыр къыщыщІэхьа Емыжь Адамий Хьэсанэ Мурат и тренер щыхьуащ куэд щыгуфІыкІат. Самбэмрэ дзюдомрэ зэхуэдэу хуэІэкІуэлъакІуэ щІалэщІэм Іэмал хъарзынэ зыкъухъуэкІат лъагаиІэщІэхэм зрипщытыну. А спорт лІэужьыгъуитІым ящыщу дзюдорат Олимпиадэхэм хагъэхьар икІи дэтхэнэри зыщІэхъупс абы и щыгум мызэ-мытІэу къыщыхутэфынут.

Мурат хуабжьу дихьэхуэу зигъасэрт, екъулІэныгъэфІэхэри иІэт. Ар Урысей Федерацэм щытепщэ зыгурри, Совет Союзыр зэхэщІэщэжа иужькІи къэунэхуа Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэныгъэм щынэхъыфІхэми яхьыхат. АрщхьакІэ 1991 гъэм Хьэсанэмрэ Емыжьымрэ я гъэугуэр зэбгъэдэкІащ, Арамбий Германием щылэжьэну ирагъэблагъэри. Мурат утыкум кьинащ.

Апхуэдизэ зэфІэкІ зиІэ щІалэщІэр хэти зришэлІэну щІэхъуэпсыпт. Ар хуэзэфІэкІащ самбэмкІэ екъулІэныгъэ инхэр нэхъапэм зиІауэ иджы тренер щІэрыІуэ хъуа Хьэпай Арамбий. Ахэр щызэдэлажьа ягъэ щыдэ илъэсым (1991 гъэм) Хьэсанэ Мурат Урысей Федерацэм самбэмкІэ и кубокыр зыІэригъэхьащ. АдэкІэ зыр адрейм къыкІэлъыкІуэу текІуэныгъэ ГъэзэзджкІэр къыпэплъэрт. АрщхьакІэ ягъэ екъулІэныгъэ иныр зэи гум имыхужынщ: 1993 гъэм Калининград щекІуэкІыт самбэмкІэ Европэм и XII чемпионат. Апхуэдэ утыкушхуэхэм зэи имыта адыгэ щІалэщІэр пэщІэдзэм мащІэу Іэнкун хуаами, иужькІэ зызэщІикъуэжащ икІи и хьэрхуэрэгъу псори хигъащІэри, нэхъ пщІэшхуэ дыдэ зиІэ хьэлъагъым (килограммым 100-м щІигъум) дыщэ медалыр къыщихьащ. КІэух зэІущІэм абы кІыщыпащІэта Молдавием къикІа Гьштемулте текІуэныгъэм щыгугъыну зы Іэмали иритакъым.

КъыкІэлъыкІуа илъэсыр нэхъыфІыжт. Хьэсанэр Европэм щытекІуэри, дуней псомии пашэ щыхъуащ. Югославием и Нови-Сад къалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм, сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу лъэщ белорус Емельянов Владимир щыхигъащІэри, ЩІы хъурейм и чемпион ягъэ щыхьащ.

1995 гъэмэ Мурат къыщлъэщыщ Европэми дунейми щыІакъым. Апхуэдэ екъулІэныгъэ инхэм щІалэщІэм и щхьэр мащІэу игъэунэзэуэ къыщІэкІынущ. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыІуэнур Токиорэ Тбилисирэ жэзрэ дыжьынрэ фІэкІа къызэрыщымыхьар. Псом хуэмыдэу жагъуэ щыхъуащ Хахейлашвили Давид Курржьи и кьалащхьэм финалым къызэрыщефІэкІар. Ауэ ар Хьэсанэм и дежкІэ иужь дыдэ къыхэзыщІэныгъэт. Абы къыкІэлъыкІуэу зыхэта зэхьэзэхуэхэм Мурат зыри зэи къыщыткІуэкІыну икІи илъэсибгъукІэ зэкІэлъхьэужьу (1998-2006 гъэхэм) дуней псом и чемпион хъуащ! Апхуэдэ зэфІэкІ зиІа ЩІы хъурейм иджыри къэс къытехьакъым. Аращ «Самбэм и пащтыхь» къыщыфІащри.

Спортым хэкІыжа иужькІэ Хьэсанэ Мурат и Іэр зэтедзауэ тІысыжакъым икІи къэрал, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ нобэр къызыдэсыи ирегъэкІуэкІ. Адыгэ Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ и комитетым и унафэщІу щытащ, иджы Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутату хэтщ икІи Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмрэ щІалэрэгъуалэм я ІэхъуэхэмкІэ комитетым Іуэху щхьэпэ куэд щызэфІегъэкІ. И зэфІэкІ лъагэм къыпэкІуащ «Самбэмкіэ спортым щыхь зиІэ и мастер», «Зэныбжьэгъугъэм и орден» дамыгъэ лъапІэхэр.

Куэд дыдэ къыщІэхъуІащ Хьэсанэ Мурат мы дунейм икІи насыпыфІэу зебжьж, ауэ гъащІэм нэхъ лъапІэ дыдэу къыщиІыгъэр, дауи, и унагуэращ. И щхьэгъусэ Саидзэрэ абыхэ щІалитІрэ зы хъыджэбзэрэ зэдапІащ икІи гъащІэм зэрыкъэзэгъэн ІэщІагъэ хъарзынэхэр ирагъэгъэтащ. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэм и деж хуабжьу абы фІэфІщ игъэхъу адыгэшхэм яхэтыну, тхьилъ еджэну, щэкІуэну, бдзэжьей ещэну. Тхьэм къыхуэзэпищІ!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Куэдкъым - цІыху мин щищ къудейщ

● Къуэбыдэ

Илъэсыщ1э махуэ зыгъэпсэхугъуэхэм Сочэ и бгыщхьэ хьэщІэщхэм, Красная Полянэ, адыгэхэр Къуэбыдэкіэ зэджэм, цІыху мин 300 къекІуэлІэнущ. Апхуэдизу хьэщІэщхэм я пэшхэм я проценти 10-ращ зэкІэ хуиту къэнар, ауэ ахэри зэрызэрапхъуэнум шэч хэлъкъым. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэнумэ, Архъыз и хьэщІэщ псори яубыдащ бгым къежэхыныр фІыуэ зылъагъукъэм. Гурыуэгъуэщ ди цІыхухэм я лъэр зыпхар. Европэм и бгы зыгъэпсэхупІэхэм я нэхъыбэр зэхуэщІащ, уеблэмэ Евросоюзым хэт къэралхэр зэщыкъэжащ я къэнэжьэнымыгъэлэжьэным теухуауэ зэгурымыІуэу. Къапщтэмэ, Италием, Германием, Австриием е нэгъуэщІ къэралхэм кІуэуу зыщыкъэзыгъэпсэхуну франджыхэм тхьэмахуэ карантин я унэм «щапшынынущ» къагъэзэжа нэужь. ЕС-м хэмыт Швейцариием и Іуэхур тыншщ, абы и бгы зыгъэпсэхупІэхэр лжьэнущ.

ДАУЭ щымытми, цІыхухэр мэшынэ нэгъуэщІ къэралхэм кІуэну. Аращ ди къэралым и щІымахуэ зыгъэпсэхупІэхэм я нэхъ зэІуэзэпщ Къуэ Быдэм щІэунущэшхуэ щІиІэр.Сэ Куршевель и хьэщІэщхэр слъэгъуакъым, ауэ Сочэ щекІуэкІа Олимпиадэм и фІыщІэкІэ мы щІыпІэм щауха хьэщІэщхэр сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщщ, я нэхъ кІуэкІ хэлпІыхь зыщІри ящІэ хъуну. Псом хуэмы-дэу бгъэщІагъуэр бгыщхьэм къызэдекІуэкІыу щауха къалэ цІыкІуэращ. Архитекторхэм егупсысауэ зэрагъэзэхуам псэр яхьэху. ХьэщІэщхэм я гугъу пщІымэ, я нэхъ кІуинми шхынкІи нэгъуэщІ хуэІуэхуэщІэкІи япиубыдын игъэутынкъым. А псом щыфІыкІыжауэ ди къуелйэкр Альпрэ Пиренеерэ я щІымахуэ зыгъэпсэхупІэхэм кІуэрти, иджы коронавирусым къызэтригъэувыІащ. Гурыуэгъуэщ: зыгъэпсэхупІэхэр зэпэщим, абы унэсыху къызэбгэжьынур фадджэмэ, кІуелйм Европэр къыхихынущ, я гъуэгукІи я къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я теплъэкІи нэр зыгъэгуфІэщи.

Къуэбыдэ и бгы къежэхыпІэхэм щыІажьэхэм зыхуэгъэхьэзыращ я хьэщІэхэр зэрахъумэнум: кІапсэ гъуэгум и кабинэхэр махуэм зыбжанэрэ ялъэщІынущ, чэзу зэтримыхьэным волонтёрхэр кІэлъыплъынущ, а щІыпІэ дыдэм коронавирусым теухуауэ экспресс-анализ щрагъэтынущ, нэгу зегъэужь Іуэху псори щекІуэкІынур щІыбращ.

Фэри, дауи, фощІэ иужьрей зэманым зыгъэпсэхупІэ зэпэщхэр къызэгъэпэщыным ди къэралым ахъшэшхуэ зэрыхилъхьэр, мыпЛку зиІэхэр а Іуэхум къыхихьэну зэрытригъэгушхуэр. Роботхэр ди пІэкІэ лэжьэным, цІыхухэм загъэпэсэхуным дыхуагъэхьэзыру пІэрэ, жыпІэу ухъуапсэми хъунущ. Ауэ Іуэхур здэщыІэр, дауи, аракъым. Апэрауэ, цІыхухэм я дуней тетыкІэм зихъуэжащ, къакІуахьну, заплъыхьыну, загъэпсэхуну хуейщ. ЩІым я нэхъ бейр ущиІэкІэ, абыкІэ зыгуэр къомылажьынкІэ узыщыукІытэн хуэмыхуагъащ. Къапщтэмэ, зыплъыхьакІуэ, зыгъэпсэхуакІуэ къахуэкІуэхэм къагъанэ ахъшэр зи хэхъуэ къигъэхуапІэ къэралхэр мащІэкъым. ХьэрыпІ Эмират Зэгуэтхэм я щапхъэр пхуирикъунщ: ахэм я хэхъуэм и нэхъыбэр къахуэзыхьыр зыплъыхьакІуэ къахуэкІуэхэращ, армыхъмэ зэрыбей щІыдагъэракъым. Дэ зыкъэтщІэжам хуэдэу аращ мы Іуэхум теухуауи, Урысейм и щІыналъэхэм щекІуэкІыну лажьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыкІэрымыхуным и мыхьэнэр зыгъэгуфІэщи.

Къуэбыдэ и бгы къежэхыпІэхэм щылажьэхэм зыхуэгъэхьэзыращ



Къуэбыдэ и нобэрей зы теплъэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

ЩІы хъурейм теткъым абы къыпэхъун

● Спорт

Хьэсанэ Мурат

Дыгъэгъазэм и 10-м и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу самбэмкІэ дунейпсом 11-рэ я чемпион, Дунейпсо кубокыр 8 къэзыхьа, Европэм 5 щытекІуа, 19-рэ къэралым дыщэр щызыІэрызыгъэхьа Хьэсанэ Мурат. ЩІы хъурейм щыгъэтыгъуейщ Адыгейм и Куэшхьэблэ щІыналъэм хыхьэ Еджэрыкъуэй къуажэм къыщалъхуа щІалэм зыІэригъэхьа екъулІэныгъэхэм хуэдизу зиІа. Илъэс пщыкІутхум щІигъукІэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам и капитану ар щытащ икІи зыхэт спорт лІэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэу куэдрэ къалъытащ. Абы самбэмкІэ хъуралми дунейми къыщыпэлъэщщи щІагъуэ щыІакъым 1993-2006 гъэхэм.

НАРТ теплъэ зиІэ щІалэ Іэбыдэлъэбыдэ цІыкІу хихьуащ Еджэрыкъуей къуажэм щыпсэу Хьэсанэ Руслан и унагуэм 1970 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м. И къэхъукІэкІи зыужьыкІэкІи ар пелуан щыпкъэт. Нэхъ къыдэкІуэтейуэ школым щІэтІысхьа иужькІи, и ныбжьэгъэхэм къащхьэщыкІт и теплъэкІи зэфІэкІкІи. Ебланэ классым щынэсам гу къыльатэри, мо псынщІэу къэжэпхъ щІалэ цІыкІур самбэмрэ дзюдомрэ хуагъэсэн щІадзащ. ЗыщІэс школым физкультурэмкІэ и егъэджакІуэ Бэрэзэкъ Щыхьымэ ейх и апэ тренер хъуащ икІи къару куэд ирихьэлІащ Мурат спортсмен Іэзэ къыхэкІын папщІэ. Аращ лъабжьэ быдэ хуэзыгъэтІылъар дуней псом тепщэныгъэр щызыубыдыну щІалэм и екъулІэныгъэ инхэм.

ГъащІэ гъуэгу хуэхъунум Хьэсанэ Мурат куэдрэ егупсысакъым курыт еджапІэр къиуха иужькІэ. Самбэмрэ дзюдомкІэ зыхэта зэхьэзэхэм къыщихьа екъулІэныгъэхэм абы къыригъэщІат текІуэныгъэм и Іофлагъыр икІи Мейкьуапэ дэт Адыгэ къэрал университетым и спорт факультетым щІэтІысхьащ. Зэреджэм хуэдэуэ, зыщигъасэу щІидзащ Самбэмрэ дзюдомкІэ олимп резервым и школым. И насып къикІри, хэхуащ Невзоров Виктор (олимп чемпион Невзоров Владимир и къуэш нэхъыщІэщ) и гупым. Абы куэд къыригъэщІащ адыгэ щІалэщІэм. КъыкІэлъыкІуэу Мурат ягъэсащ Себелев Александр, ЩхьэлажьэхэІ Валентинрэ Русланрэ икІи дэтхэнэми фІы гуэрхэр къыхалъхьащ - армырауэ дуней псом щытепщэ ухъуфынукъым.

1980 гъэм Мэзкуу щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм жэз медалыр къыщыщІэхьа Емыжь Адамий Хьэсанэ Мурат и тренер щыхьуащ куэд щыгуфІыкІат. Самбэмрэ дзюдомрэ зэхуэдэу хуэІэкІуэлъакІуэ щІалэщІэм Іэмал хъарзынэ зыкъухъуэкІат лъагаиІэщІэхэм зрипщытыну. А спорт лІэужьыгъуитІым ящыщу дзюдорат Олимпиадэхэм хагъэхьар икІи дэтхэнэри зыщІэхъупс абы и щыгум мызэ-мытІэу къыщыхутэфынут.

Мурат хуабжьу дихьэхуэу зигъасэрт, екъулІэныгъэфІэхэри иІэт. Ар Урысей Федерацэм щытепщэ зыгурри, Совет Союзыр зэхэщІэщэжа иужькІэ къэунэхуа Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуэныгъэм щынэхъыфІхэми яхьыхат. АрщхьакІэ 1991 гъэм Хьэсанэмрэ Емыжьымрэ я гъэугуэр зэбгъэдэкІащ, Арамбий Германием щылэжьэну ирагъэблагъэри. Мурат утыкум кьинащ.

Апхуэдизэ зэфІэкІ зиІэ щІалэщІэр хэти зришэлІэну щІэхъуэпсыпт. Ар хуэзэфІэкІащ самбэмкІэ екъулІэныгъэ инхэр нэхъапэм зиІауэ иджы тренер щІэрыІуэ хъуа Хьэпай Арамбий. Ахэр щызэдэлажьа ягъэ щыдэ илъэсым (1991 гъэм) Хьэсанэ Мурат Урысей Федерацэм самбэмкІэ и кубокыр зыІэригъэхьащ. АдэкІэ зыр адрейм къыкІэлъыкІуэу текІуэныгъэ ГъэзэзджкІэр къыпэплъэрт. АрщхьакІэ ягъэ екъулІэныгъэ иныр зэи гум имыхужынщ: 1993 гъэм Калининград щекІуэкІыт самбэмкІэ Европэм и XII чемпионат. Апхуэдэ утыкушхуэхэм зэи имыта адыгэ щІалэщІэр пэщІэдзэм мащІэу Іэнкун хуаами, иужькІэ зызэщІикъуэжащ икІи и хьэрхуэрэгъу псори хигъащІэри, нэхъ пщІэшхуэ дыдэ зиІэ хьэлъагъым (килограммым 100-м щІигъум) дыщэ медалыр къыщихьащ. КІэух зэІущІэм абы кІыщыпащІэта Молдавием къикІа Гьштемулте текІуэныгъэм щыгугъыну зы Іэмали иритакъым.

КъыкІэлъыкІуа илъэсыр нэхъыфІыжт. Хьэсанэр Европэм щытекІуэри, дуней псомии пашэ щыхъуащ. Югославием и Нови-Сад къалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм, сыт щыгъуи и хьэрхуэрэгъу лъэщ белорус Емельянов Владимир щыхигъащІэри, ЩІы хъурейм и чемпион ягъэ щыхьащ.

1995 гъэмэ Мурат къыщлъэщыщ Европэми дунейми щыІакъым. Апхуэдэ екъулІэныгъэ инхэм щІалэщІэм и щхьэр мащІэу игъэунэзэуэ къыщІэкІынущ. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыІуэнур Токиорэ Тбилисирэ жэзрэ дыжьынрэ фІэкІа къызэрыщымыхьар. Псом хуэмыдэу жагъуэ щыхъуащ Хахейлашвили Давид Курржьи и кьалащхьэм финалым къызэрыщефІэкІар. Ауэ ар Хьэсанэм и дежкІэ иужь дыдэ къыхэзыщІэныгъэт. Абы къыкІэлъыкІуэу зыхэта зэхьэзэхуэхэм Мурат зыри зэи къыщыткІуэкІыну. АрщхьакІэ зэкІэлъхьэужьу (1998-2006 гъэхэм) дуней псом и чемпион хъуащ! Апхуэдэ зэфІэкІ зиІа ЩІы хъурейм иджыри къэс къытехьакъым. Аращ «Самбэм и пащтыхь» къыщыфІащри.

Спортым хэкІыжа иужькІэ Хьэсанэ Мурат и Іэр зэтедзауэ тІысыжакъым икІи къэрал, жылагъуэ лэжьыгъэшхуэ нобэр къыздэсыи ирегъэкІуэкІ. Адыгэ Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ и комитетым и унафэщІу щытащ, иджы Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутату хэтщ икІи Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмрэ щІалэрэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ комитетым Іуэху щхьэпэ куэд щызэфІегъэкІ. И зэфІэкІ лъагэм къыпэкІуащ «Самбэмкіэ спортым щыхь зиІэ и мастер», «Зэныбжьэгъугъэм и орден» дамыгъэ лъапІэхэр.

Куэд дыдэ къыщІэхъуІащ Хьэсанэ Мурат мы дунейм икІи насыпыфІэу зебжьж, ауэ гъащІэм нэхъ лъапІэ дыдэу къыщиІыгъэр, дауи, и унагуэращ. И щхьэгъусэ Саидзэрэ абыхэ щІалитІрэ зы хъыджэбзэрэ зэдапІащ икІи гъащІэм зэрыкъэзэгъэн ІэщІагъэ хъарзынэхэр ирагъэгъэтащ. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэм и деж хуабжьу абы фІэфІщ игъэхъу адыгэшхэм яхэтыну, тхьилъ еджэну, щэкІуэну, бдзэжьей ещэну. Тхьэм къыхуэзэпищІ!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Чемпионыщ1эм дыпоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2020 гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щытекІуэнум мы тхьэмахуэм зэхэкІырыпнущ. Абы папщІэ зэпеуэм щыпашэ «Энергетик»-р зи къыхэхамыгъэщІэн е «Родник»-р апхуэдизрэ темыкІуэфын хуейуэ аращ.

ПРОХЛАДНЭДЭСХЭР дыгъэгъазэм и 13-м я хьэщІэнущ иужь джэгуэуиплІми щытекІуэу зэхьэзэхуэм къыщыкІэрыкъу Шэджэм и «Шэрджэсым». Абыхэм я зэпэщІэтыныгъэр гуащІэ хъуну дыщогугъ.

«Энергетик»-р тхьэмахуэ ипэкІэ чемпион хъуфыну щытащ. Арщхьакіэ Налшык и «Спартак-Д»-м пэлъэщакъым икІи къыпэщылъ Іэхуэгъуэфыр ягъэІэпхъуащ. Пэжщ, прохладнэдэсхэм иджыри ялъэщІыхьэжьыгъынущ Псынэдахэ и «Родник»-р. Абы папщІэ зэпеуэм бжьыпэр щызыІыгъэр къэнэжа джэгуэгъуищми къыщыхагъащІэу, я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэр къапщылъ зэІущІитхуми (тІур ягъэІэпхъуауэ щытащ) щытекІуэн хуейщ. ФІэщущы-текІуэнур лажьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр къыкІэрымыхуным и мыхьэнэр зэрыщытэгъуейщ.

Дыжьын, домбеякъ медалхэм ириэзныкъуэхуну ІэмалыфІхэр нэхъ яІэщ «Родник»-мрэ «Тэрчымрэ». Очко яфІэкІуэдахэр къэпльытэмэ, зэкІэ Псынэдахэ и командэм и Іуэхуэхэр нэхъыфІщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм къыхэнэн папщІэ мы гъэм хуабжьу бэнэныгъэшхуэ ёокІуэкІ. Зэкіэ къыкІэрыкъу дыдэхэм яхэтщ иужь джэгуэгъуэхэм щІагъуэу я очко бжыгъэм хэзыгъэхъуэф икІи хэзымыгъэхъуэхэ «Инал»-р, «Кьундетейр», «Шэджэм-2»-р, «Ислъэмейр».

Прохладнэ и «Энергетик»-м и пашэ Иуан Азрэт я хьэрхуэрэгъуэм яхудигъэкІа тотхэм я бжыгъэр 34-м нигъэсащ. Кьыпэплъэ чемпионыгъэм къыздэкІуэу гъуащхьауэхэм я зэпеуэми ар щынэхъыфІ зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Иджы фыщыдгъэзгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым щекІуэкІа зи чэзу зэІущІэкъэм къарикІуа бжыгъэхэм: тІощІрэ еханэ джэгугъуэ - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:0**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **3:3**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **2:2**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Нарт»** (Нарт-къалэ) - **5:1**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:0**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Инал»** (Къэрэгъэщ) - **3:1**, **«ХьэтІохъуащыкъуей»** (ХьэтІохъуащыкъуей) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **1:4**, **«Кьундетей»** (Шэджэм) - **«Урыху»** (Урыху) - **1:3**; *ТІощІрэ еблэнэ джэгуГъуэ* - **«Малка» - Спартак-Д» - 1:0**, **«Энергетик» - «Шэджэм-2» - 8:3**, **«Нарт» - «Налшык» - 0:3**, **«Бахъсэн» - «Шэрджэс» - 2:4**, **«Кьундетей» - «ЛогоВАЗ» - 3:4**, **«Урыху» - «ХьэтІохъуащыкъуей» - 1:3**, **«Родник» - «Инал» - 6:1**, **«Ислъэмей» - «Тэрч» - 2:3**.

Дызыхуэкіуэ щдбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэдзджэгунущ: *дыгъэгъазэм и 12-м* - «Налшык» - «Бахъсэн», «Шэджэм-2» - «Малка», «ХьэтІохъуащыкъуей» - «Кьундетей»; *дыгъэгъазэм и 13-м* - «ЛогоВАЗ» - «Ислъэмей», «Тэрч» - «Нарт», «Шэрджэс» - «Энергетик», «Спартак-Д» - «Родник», «Инал» - «Урыху» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019 - 2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	**«Энергетик»**	27	22	3	2	119-32	69
2.	**«Тэрч»**	27	18	4	5	62-27	58
3.	**«Родник»**	25	17	4	4	87-39	55
4.	«Налшык»	26	16	2	8	67-35	50
5.	«Спартак-Д»	27	15	5	7	87-37	50
6.	«ХьэтІохъуащыкъуей»	26	15	5	6	67-53	50
7.	«Малка»	26	13	5	8	79-65	44
8.	«Бахъсэн»	27	12	5	10	63-56	41
9.	«Нарт»